Innovative Development in Educational Activities ISSN: 2181-3523 VOLUME 2 | ISSUE 19 | 2023
Scientific Journal Impact Factor (SJIF): 5.938 http://sjifactor.com/passport.php?id=22323

# ЭКОЛОГИЯАЛЫК МАДЕНИЯТ –МИЛЛИЙ ҚӘДИРЯАТЛАРЫМЫЗДЫҢ КУРАМ БОЛЕГИ СИПАТИНДА

**М.Назарбаев**
Муйнақ райони Қазақдаря ОФЙ жаслар жетекшиси

Инсанияттың ақылый дәрежеси билими өсип барған сайын оның зәрүрликлери ҳәм асып бармақта. Ол бүгин кешегиге қарағанда ертең болса оннанда көбирек жақсы жасаўға материяллық мәнаўий бәркамаллыққа ерисиўге ҳәм тыныш өмир кешириўге ҳәрекет етпекте. Пән-техника раўажланыўы адамлар турмыс тәризине үлкен әҳмийетке ийе тәсир өткерип,жәмийеттиң тәбият пенен өз-ара мүнәсибетин оғада активлестиреди. Бул социал раўажланыўдың ең тийкарғы факторларынан бири болып табылады. И.Т.Фролов ҳақлы түрде атап өтиўинше, инсәният қүдирети оғада асып баратырған техника қураллары жәрдеминде тәбият байлықларын жедел пайдалана барып, өз цивилизациясы раўажланыўы ҳәм биологиялық түри ретинде өзиниң өсиўи шәраятларын жүда жақсыланғанлығы бүгинги күнде бийкарлап болмайтуғын ҳақыйқат болып табылады. Бирақ, тәбиятты бойсындыра барып, инсан өз турмыс искерлигиниң тәбийий негизлерине азмаз зыян жеткизгенлиги, жәмийет пенен тәбият ортасындағы өз-ара тәсирди бузғанлығы да ҳақыйқат болып табылады. Бул кең, яғный социал ҳәм инсәният ушын әҳмийетли болған экология машқаласының мәнисин пайда етеди. [66,1]. Экология ҳәзирги заманның кең көлемдеги кескин социаллық машқалалардан бири. Оның шешимин табыў бәрше халықлардың мәплерине сай болып цивилизациясының ҳәзирги күни ҳәм келешеги көп тәрептен әне усы машқаланың қандай шешилиўине байланыслы. Пән ҳәм техника раўажланыўы жәмийеттиң тәбиятқа тәсир өткизиў имкәниятларын сол дәрежеде асырып жиберди. В.И.Вернадский айтыўынша «инсәният, улыўма алғанда тәбийий орталықты өзгертиўши, қайта дүзиўши қүдиретли геологик күшке айланады. [8,1]

Инсәнияттың тәбиятқа мүнәсибети тарийхый раўажланыўдың түрли басқышларында түрлише жүз берген.

Зардуштийлик идеология тәрепинен жүда күшли тәлиймат болып ол инсанның мәнәўий экономикалық ҳәм мәдений өмирин байланыслы ҳалда прогрессив раўажландырыўда үлкен имкәниятларға ийе. Зардуштийлик ең уллы идеяларынан бири инсан ҳәм тәбияттың бир бүўын екенлиги. Бул тәлийматта тәбият инәмин аңламай,оннан өзин айра ҳалда ойлап өмир тәризин алып

барғанда инсан параўанлыққа ерисе алмайды деген пикир бар. Зардуштийлер тәбиятты жер-суў терек өсимлик жәниўарларды қәдирлеўи жерди ислеп суўғарыў бағ егинзар қылыўы шәрўаны тийкарынан жылқышылықты жолға қойыўы суўды муқаддес тутыўы шәрт. Ҳәзирде инсәният глобал аймақтағы экологиялық машқалаларға дус келип атырған ҳәм оны шешиў жоллары сыпатында белсенди пәнде жетискенликлери менен бир қатарда демократиялық раўажланыўдың керекли факторы сыпатында экологиялық тәрбия қураллары ҳәм усылларын ислеп шығып атырған бир дәўирде Авесто да ескертиўши тәбият пенен инсанның бир пүтинлиги ҳаққында керекли идеялар барлығына исенемиз. .[24,5] Ҳәзирги күнде тәбияттың тең салмақлылығының бузылыўы инсәнияттың тәбияттан натуўры пайданаларыў себепли бузылғаны ҳәм бунын ақыбетинде тәбиятында қорғаў туўралы көплеп машқалалардың келип шыққанының гүўасы болып турмыз. Кураны Кәримде жер жүзинде бузғыншылықтың келип шығыўының тийкарғы себеби адамлардың кәсиби екенлигин ."Рум" сүресинде төмендегише баян етеди. "Адамлар қылмыслары себепли қурғалықта ҳәм теңиз де бузғыншылық пайда болды. Бул олардың (олардың қылмысларынан ) қайтыўы ушын қылған айырым (жаман) ислерин (ин жазасын) тарттырыў ушын" (41-аят). Дүняда жүз берип атырған экологиялық апатшылықлар инсанлардың ис-ҳәрекети менен тиккелей байланыслы. Инсанлардың қәлби ҳәм пикирлери нәпак болса, қылған ислериниң ақыбетлери апат келтиреди. [154,4]

Инсан кәмиллигинде экологиялық тәрбия баслы орынға көтерилген. Жас әўладты жақсылық дүнясына итибарлы, абайлы, меҳир-муҳаббатлы болыўға үйретиўимиз лазым. Жасларымыздың экологиялық хуқықый сана-сезимине және мәдениятын көтериўге хызмет етиўши эклогиялық тәлим-тәрбия улыўма тәлим системасының ажылармайтуғын буўыны болып,оның тийкарғы идеяларын өзинде жәмлеген. Экологиялық тәрбия ҳәм тәлим прцеслери бир-биринен ажыратып болмайды. Олар ҳәр дайым өз-ара байланыста раўажланады. Шахстың тәбиятқа болған инсаний қатнасықлары шаңарақта ҳәм мектеплерде берилетуғын экологиялық тәрбия аркалы жетилиседи. Шаңарақта берилетуғын экологиялық тәрбия тийккарынан ата-аналардың шаңарактағы өз-ара катнасықларға байланыслы. Шанарақ ҳәм оның ҳәр био ағзасы тәбийий орталықты сақлаў мәселесинде өзинше жантасады. Балалрды шаңаракта тәрбиялауда ата-аналар тарбияши ролин аткарады. Ата-аналардың шаңарақта өзлерин тутыўлары ҳәм олардың балаларға тәсири ең тийкарғы фактор. А.С.Макаренко «Тәрбия туўрысындағы марузалар» атлы китабында сондай деп жазады «Сиз бала менен сөйлесиип атырғаныңызда яки оған қандай да бир нәрсени көрсетип тырғаныңызда оған тәрбия берип атырман деп ойламаң. Сиз

оған өз өмириңиздиң ҳәр бир ўақтында, ҳәттеки үйде жоқлығыңызда да тәлим бересиз. Балаларды ҳайкыйқый авторлығыңыз астында тәрбиялайсыз» [228,3] Инсәнлардың экологиялық мәдениятын асырыў мәселеси актуал мәселелерден бири болып табылады.

Экологиялық мәдениятты асырыўда ҳәзирги күнге шекем көплеген амелий жумыслар исленди. Бүгинги күнде экологиялық мәдениятты асырыў ушын оқытыўшылар ҳәм жәмийетшилик тәрепинен алып барылып атырған жумыслар мектеп оқыўшыларына экологиялық тәрбияны кешиктирмей сиңдириўге де итибар қаратылыўы керек.Жаңа асирдиң бәркамал инсани өзинде экологиялық мәдениятты жәмлеўи заман талабы.“Экологиялық мәдeният дегенимиз атирап-аймақты қорғаў, ол ҳаққында билимге ийе болыў тәбиятты асыраў, өсимлик ҳәм ҳайўанларға ғамхорлық көрсетиў, тәбият ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланыў, оларды көбейтиў ҳәм асыраў бәғдарындағы әмелий искерликтиң жоқары көриниси. Мине, буны өзинде жәмлеген инсан кәмилликке умтылған, экологиялык тарбияни өзинде сәўлелендирген мәдениятли шахс десек арзыйды.[154,3] Тилекке карсы, ҳәзирги дәўирде дүняны титиркендирип атырған экологиялық машқала ҳеш бир мәмлекетти тәшўиишке салмай қоймайды. Экологиялық тәрбиядан шетлеп мәдениятсызлыққа өткен дәўирлер экологиялық апатшылықты келтирип шығарады.

“Ҳәр қандай мәдениятлы инсан болмыс гөззаллықлардан лаззетлене алыўы керек. Тәбиятқа меҳир қойған инсан болса жаманлық көрмейди. Улыўма алғанда, инсаният тәбияттан пайда болып, ажыралып шыққан. Сол себептен оның бир мәниси тәбийий (билогиялық), екинши мәниси социаллық. Инсан мине усы уйғынлықты сақлай алса ғана ҳәм руўхый ҳәм физикалық саламат болады.[83,2]

Экологиялық мәдeният инсаниияттың тарийхый раўажланыу процесинде табиятты қорғаўға қаратылған теориялық-илимий идеялардың комплекси болмастан, белгили жәмийетте жасап атырған адамлардың психикалық жағдайлары, сезимлери, кейиплери ҳәм умтылысларында қамтып алып, түрли дарежедеги социал сана формаларының экология мақсет-мәплери шеңберинде орталығын аңлатады. Бизди қоршап турған әтирап-орталыққа хар бир инсан жақсы мүнасибетте болыўы зарүр.Бүгинги күндежасап атырған орталық ҳәзирги күнде инсаният ушын қандай зәрүр болса ертеңги күн даўамшылары болған әўлад ушында суў менен хаўада зәрүр. Сонлықтан ҳәр бир инсанға экологиялық машқалалардың аўыр акыбетлери ҳаққында шаңарақта, оқыу орынларында орнын түсиндириў жүда әҳмийетли. Дүняда жүз берип атрған апатшылықлар алдың алыўда тәрбияның әсиресе экологиялық тәрбияның орнын айырықша атап өтсек болады. Экологияны қорғаў,инсаниятты қорғаў болып есапланады.

**Әдебият**

1. Ю.Шодиметов Ижтимоий экология кириш дарслик Ташкент 1994 жыл
2. Рухсора Рузиева Ёшларда миллий ва умумийинсоний қадриятлар уйғунлигини шакллантириш Ташкент 2011 жыл
3. Шамсиддин Баҳаўаддинов "Кәмил инсан" Ташкент 2019-жыл
4. .П.С.Султанов "Экология ва атроф-муҳитни муҳофаза қилиш асослари" Сабақлық Ташкент 2007-жыл
5. Ш.Мадаева Миллий менталитет ва демократик тафаккур 2007 жыл